

**APLIKASI MODÉL DMR (DISKURSUS MULTY
REPRECENTACY) DIBANTU MÉDIA CANVA DINA DIAJAR
NULIS TÉKS BIOGRAFI KELAS X SMA PASUNDAN 1
BANDUNG**

RINGKESAN

Ieu panalungtikan didasaran ku masalah anu patali jeung kurangna kamampuh nulis siswa. Aya deui faktor-faktor sijn anu jadi sabab siswa masih keneh kurang dina nulis, nya eta ngagunakeun model pangajaran anu monoton jeung media anu teu diluyukeun jeung kabutuhan siswa bisa jadi alesan siswa miboga kamampuh nulis kawilang handap. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta 1) pikeun mikanyaho kamampuh nu nulis dina ngarencanakeun, ngalaksanakeun, jeung ngaévaluasi pangajaran nulis téks biografi; 2) pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks biografi saméméh diolah ku modél DMR (Diskursus Multy Repercentacy); 3) pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks biografi sanggeus dibéré perlakuan modél DMR (Diskursus Multy Repercentacy); jeung 4) nangtukeun efektivitas modél DMR (Diskursus Multy Repercentacy) dibantuan ku Canva dina pangajaran nulis téks biografi kelas X SMA Pasundan 1 Bandung. Méthode panalungtikan anu digunakeun nyaéta méthode ékspérimén kalawan desain Quasi Experimental tipe Nonequivalent Control Group Design. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas X-5 (kelas ékspérimén) jeung kelas X-1 (kelas kontrol). Hasil panalungtikan némbongkeun 1) nu nulis meunang peunteun sae pisan dina ngarencanakeun jeung ngalaksanakeun pangajaran; 2) siswa henteu mampuh nulis téks biografi saméméh dibéré perlakuan saperti nu katingali dina rata-rata peunteun pretés 67,68; 3) siswa mampuh nulis téks biografi sanggeus dibéré perlakuan saperti nu katingali dina rata-rata peunteun postés 86,96; jeung 4) Sanggeus dilaksanakeun tés N-Gain Score, rata-rata 58,34%, hartina ngagunakeun modél DMR (Diskursus Multy Repercentacy) dibantuan ku média Canva cukup éféktif pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis téks biografi siswa kelas X SMA Pasundan 1 Bandung.

Kecap Konci: *DMR (Diskursus Multy Repercentacy), Canva, Téks Biografi*